



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 27 avril 2012

**GOVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ AMELYORASYON EFIKASITE ENÈJETIK TE FÈ ETA NEW YORK  
EKONOMIZE \$9 MILYON EPI TE KREYE 3.000 DJÒB NAN LANE 2011**

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a pwojè New York Power Authority (NYPA) te reyalize nan lane 2011 yo te fè kontribiyab New York ekonomize \$9 milyon epi te kreye plis pase 3.000 djòb nan tout eta New York.

Lane pase, NYPA te bay \$186 milyon pou finanse pwojè efikasite enèjetik ak enèji pwòp nan apeprè 2.600 enstalasyon piblik nan tout eta a, ki enkli ladan pwojè ki nan diferan stad devlopman. Pwojè ki fini oubyen ki ankou yo pral bese fakti elektrisite ak redui polisyon kabòn. Amelyorasyon yo pa enplike okenn kou pou kontribiyab New York paske premye investisman yo pral repeye apati ekonomi enèjetik.

“Amelyorasyon efikasite enèjetik ki enplante nan tout eta a se yon avantaj pou tout moun, ki fè kontribiyab ekonomize dola ak bès kou enèji pandan lap redui tou polisyon kabòn,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Eta New York te toujou chanpyon nan refòm pwogresif enèjetik ak anviwonman, epitou administrasyon m lan angaje l pou kontinye eritaj sa a. Nou pral kontinye fè tou sa nou konnen pou bay pwopriyete kay, biznis, ak enstalasyon leta elektrisite pwòp bon mache, konsa lajan kontribiyab ak ekonomize, djòb ap kreye.”

Nan ajanda Power NY li, Gouvènè a mande akselere amelyorasyon efikasite enèjetik nan bilding piblik, mete devan tout benefis tankou ekonomi lajan pou kontribiyab, amelyorasyon anviwonman, ak kreyasyon djòb. Pwojè amelyorasyon yo te enkli nouvo aparèy ekleraj, sistèm chofaj ak vantilasyon, motè elektrik, sistèm jesyon enèjetik otomatik, pil konbistib, ak enstalasyon elektrisite solè, epi benefisyè yo te lekòl, kolèj, stasyon polis ak ponpye, bilding minisipal, enstalasyon tranzit, lòjman sosyal (piblik), bibliyotèk, ak izin trètman dlo sal.

NYPA te asosye ak anpil òganizasyon lokal ak leta pou reyalize pwojè efikasite enèjetik ak enèji pwop nan lane 2011, ki enkli ladan l kliyan elektrisite gouvènman nan lesid (downstate); men anpil nan pwojè ki te reyalize ane k sot pase a:

- Williamsville Central Schools, nan Konte Erie: Yon makeover \$7 milyon nan ekonomi enèji nan 13 lekòl elemantè, entèmedyè ak segondè nan banlye Buffalo pral bay ekonomi anyel \$537.000

epi elimine apeprè 2.300 tòn emisyon gaz ak efèsè chak ane. Nouvo amelyorasyon ekleraj, chofaj, ak vantilasyon ak lòt mezi te ogmante tou nivo konfò preske 11.000 elèv.

- SUNY Brockport, nan Konte Monroe: Yon pwojè \$5,5 milyon ak yon ekonomi enejè a peprè \$610.000 ki te enkli kontwòl ak ekleraj ba konsomasyon, rekiperasyon chalè, chiller loop expansion, ak enstalasyon yon sistem fotovoltayik solè.
- Albany County Sports Arena, Times Union Center: Yon pwojè \$1,4 milyon ki epaye kontribiyab yo plis pase \$210.000 chak ane; travay la enkli ranplasman yon refwadisè 700 tòn, amelyorasyon yon echanjè chalè yon tèmopomp, ak enstalasyon yon sistem vantilasyon kontwole dyoksid kabòn.
- Vil nan Cohoes, nan Konte Albany: Amelyorasyon efikasite enejèti konplè \$1 milyon a ki te enkli amelyorasyon izin filtrasyon dlo, yon refwadisè ekonomik ak yon tou refwadisman nan bibliyotè minisipal la a, ak yon chodyè ak gaz ekonomik nan sant pou granmoun lan.
- State University of New York nan Plattsburgh: Yon sistèm kontè \$1,6 milyon nan tout kanpis la pou konsomasyon elektrik, gaz ak dlo ki pral retire plis pase 1.100 tonn gaz ak efè sè nan atmosfè a chak ane.
- SUNY Upstate Medical University, Syracuse: Yon pwojè \$600.000 ki te enkli amelyorasyon vantilasyon, motè, ekleraj ak kontrol ekonomik, ak refwadisè ekonomik.
- MTA, Brewster Maintenance Facility, nan Konte Putnam: Mezi konsèvasyon enejèti \$2,5 milyon an te enkli amelyorasyon aparèy ekleraj, detektè mouvman, yon chofo, aparyè chofaj ayerotèm, yon pararèu chofaj lwil sal, ak yon chodyè nan espas biwo.
- Westchester County Center, White Plains: Amelyorasyon konplèt \$3,8 milyon efikasite enejèti a te enkli ranplasman chodyè, klimatizè, ak yon sistem refwadisman tout nef ak stokaj glas.
- New York City Transit, East New York Bus Depot, Brooklyn: Pwojè vantilasyon \$2,9 milyon ak ekleraj la sipoze epaye kontribiyab apeprè \$450.000 chak ane epi retire plis pase 2.000 tonn gaz ki gen efè sè nan atmosfè a chak ane.
- United Nations Development Corporation, Manhattan: Amelyorasyon efikasite enejèti \$3,7 milyon an te ranplase ekleraj ki te la deja k ekleraj ekonomik—ak nouvo teknoloji detektè tou—epi li sipoze epaye kontribiyab plis pase \$500.000 chak ane.
- Long Island Railroad (LIRR), Queens: Yon amelyorasyon chofaj \$4 milyon ki te ranplase vantilatè evakyasyon platfòm avèk nouvo kondui izole, ak motè vantilatè ekonomik. Anplis, nouvo chofaj gas-fired rooftop heaters te enstale ak rooftop heaters ak interior gas radiant heaters, including yon sitem deteksyon gaz ak reparasyon roof penetrations. Reyalizasyon opsyon ekonomik sa yo pral pèmèt LIRR reyalize yon diminisyon nan konsomasyon enejèti, nan kou enejèti, ak antretyen ekipman.

- Suffolk County Community College, nan twa kanpis li yo, nan Long Island: Mezi konsèvasyon enèji \$5,5 milyon an, ki enkli enstalasyon nouvo chodyè ak refwadisè ekonomik, ak tou amelyorasyon ekleraj ak ventilasyon, pral epaye kontribiyab yo plis pase \$350.000 chak ane epi pral retire plis pase 1.300 tòn efèdsè nan atmosfè a chak ane.

Pwrojè yo sipoze diminye plis pase 10 megawatt nan konsomasyon elektrisite – yon megawatt sifi kòm elektrisite pou satisfè bezwen 800 -1.000 kay. Amerlyorasyon yo redui tou 36.000 tòn nan emisyon gaz efèdsè.

Nan yon Reyinyon Kabinè Semenn Latè ki te fèt semenn sa a, Gouvènè Cuomo te anonse NYPA pral finance apepre \$800 milyon nan pwojè efikasite enèjetik pou kat pwochen lane yo, ki gen ladan l \$200 milyon nan lane 2012 – 25% plis pase \$150 milyon lane 2011 NYPA te eklipse ak pase \$35 milyon. Finansman pral ede redui 20% nan konsomasyon enèji nan bilding leta epi pral ale pou bilding ki pi gwo ak pi inefikas yo.

NYPA finance kou pwogram sèvis enèjetik li yo apati vant Commercial Paper Notes epi rekipere kou li yo nan pataj ekonomi ki fèt sou fakti elektrisite yo. Yon pwogram enèji renouvlab \$21 milyon NYPA te etabli nan lane 2008 te yon sous finansman tou pou enèji pwòp.

Depi fen lane 1980 yo, NYPA te reyalize pwojè efikasite enèjetik ak enèji pwòp nan pase 3.800 enstalasyon minisipal nan tout eta pou kou entale aprepre \$1,5 milya. Amelyorasyon yo te anrejistre yon diminyon \$140 milyon nan fakti elektrisite anyèl enstalasyon sa yo ak apepre 223 megawatt nan konsomasyon elektrik depwent, oubyen ekivalan sa kap soti nan yon izin elektrik mwayen.. Anplis, amelyorasyon yo te \$835.000 tòn nan emisyon gas efèdsè chak ane.

NYPA President and Chief Executive Officer Gil C. Quiniones te di konsa, “Amelyorasyon efikasite enèjetik yo New York Power Authority te antreprann nan lane 2011 anba lidèship Gouvènè Cuomo te enplike yon gwo gam teknoloji enèjetik avanse pou bese fakti sèvis nan biwo piblik ak diminye emisyon gaz efèdsè rechofman planèt la ak diminyon demand pou elektrisite. The environmental-protection goals of Semenn Late are woven into our organization's DNA, from the generation of electricity from sous enèji pwop tankou hydropower facilities, to significant investments in efikasite enèji. Power Authority a ap kontribiye tou nan kreyasyon djòb enèji pwòp la atravè biznis nan domèn konstriksyon, konsepsyon, fabrikasyon ak enstalasyon teknoloji sa yo.”

Prezidan NYPA, Michael J. Townsend, te di konsa, “Power Authority angaje l nan bay efikasite enèjetik ak nan ede Gouvènè Cuomo reyalize objektif anbisyè pou jere demand elektrisite ak ogmansasyon itilizasyon elektrisite renouvlab la nan eta. Gouvènè a montre klèman li pral bay travay ekspansyon nan domèn sa yo priyorite antanke yon pati enpòtan politik enèjetik li. NYPA pral kontinye bay maksimòm atansyon sa a pou soutni Gouvènè a nan jefò sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418